

Kuuya kwaMweya Mutsvene



Akavafemera akati, “Gamuchirai Mweya Mutsvene.”
Johani 20:22

Mabasa Avapostori 2:1-8, 41

*Mweya Mutsvene Unouya nomusi wePentekosti
Zuva rePendekosti rakati rasvika, vakanga
vakaungana vose panzvimbo imwe chete.*

2 Pakarepo kutinhira sokwemhepo inovhuvhuta nesimba kwakabva kudenga uye kukazadza imba yose yavakanga vagere.

3 Vakaona zvakanga zvakaita sendimi dzomoto dzakaparadzana uye dzikamhara pamusoro pomumwe nomumwe wavo. **4** Vose vakazadza noMweya Mutsvene uye vakatanga kutaura nedzimwe ndimi sokupiwa kwavakaitwa noMweya.

5 Zvino muJerusarema maigara vaJudha vaitya Mwari vaibva kundudzi dzose pasi pedenga. **6** Vakati vanzwa mutinhiro uyu, vazhinji vakaungana pamwe chete vachishamiswa, nokuti mumwe nomumwe akavanzwa vachitaura norurumi rwake chairwo.

7 Vakashamiswa kwazvo, vakabvunzana vachiti, “Ko, vanhu ava vose havasi vaGarirea here vari kutaura?
8 Zvino seiko mumwe nomumwe wedu achivanzwa nomutauro waakaberekwa nawo?

41 Avo vakagamuchira shoko rake vakabhabhatidza, uye pazuva iro, vanhu vanenge zviuru zvitatu vakawedzerwa pauwandu hwavo.